

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa prosés nu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah dina panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif, métode nu digunakeun nya éta kuasi ékspérimén kalayan maké desain *One-Group Pre-test* jeung *Post-test Desain*. Dina ieu désain aya prosés *pre-test* jeung *post-test*, hasil panalungtikan bisa leuwih akurat, lantaran bisa ngabandingkeun jeung kaayaan sacaan dibéré perlakuan. Ieu dihandap gambaran ngeunaan *One-Group Pre-test* jeung *Post-test Desain*:

$$O_1 \text{ X } O_2$$

O_1 = peunteun *pre-test* (saacan dibéré perlakuan)

O_2 = peunteun *post-test* (sabada dibéré perlakuan)

Pangaruh perlakuan kana hasil diajar = $(O_2 - O_1)$ (Sugiyono, 2017:75)

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nya éta subyék anu ditalungtik pikeun meunangkeun data. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XI Unggulan SMA Pasundan 8 Bandung. Ari data anu diolahna mangrupa hasil nulis dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI Unggulan SMA Pasundan 8 Bandung saméméh jeung sabada maké modél pangajaran karya wisata.

3.3 Prosédur Panalungtikan

Dina prosédur panalungtikan dipedar ngeunaan léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun ku panalungtik. Ku sabab kitu, prosédur panalungtikan kawilang penting.

a. Tatahar.

Saacan ngalakukeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara ka guru basa Sunda SMA Pasundan 8 Bandung ngeunaan pasualan nu karandapan luyu jeung kurtilas dina pangajaran basa Sunda. Panalungtik nyusun léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun pikeun nungkulan masalah pangajaran carita pondok, ngagunakeun alternatif modél pangajaran. Modél nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta modél karya wisata.

b. Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data.

Sanggeus kapaluruh pasualan nu aya di kelas XI MIPA UNGGULAN SMA Pasundan 8 Bandung, diayakeun panalungtikan ka kelas pikeun ngumpulkeun data. Téhnik nu dipaké nya éta téhnik tés. Tés dilakukkeun dua kali, nya éta *pre-test* jeung *post-test*. *Pre-test* dilakukeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh dibéré *treatment*. Sedengkeun *post-test* dilakukeun sabada maké modél karya wisata.


Léngkah-léngkah nu dilakukeun dina téhnik ngumpulkeun data aya sababaraha tahap nya éta

1. siswa ngalaksanakeun *pre-test* nulis carita pondok pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh dibéré *treatment* modél karya wisata.
2. ngalakukeun wisata ka Museum Pendidikan Nasional jeung Taman Partere UPI.
3. ngalaksanakeun *post-test* pikeun mikanyaho ngaronjat atawa henteuna kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment* maké modél karya wisata.

c. Nyusun Laporan Panalungtikan.

Mun seug diébréhkeun dina wangun bagan, katitén saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Prosedur Panalungtikan



3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Sudjana (dina Nugraha, spk. 2018, kc. 179) instrumen panalungtikan nya éta alat pikeun nyangking data nu kudu dipilih luyu jeung jenis data nu dibutuhkeun. Instrumen dina panalungtikan kuantitatif bisa mangrupa test, wawancara, observasi, jeung kuisisionér (Sugiyono, 2017, kc. 222). Dina ieu panalungtikan jenis instrumén nu dipaké nya éta tés. Tés nya éta alat ngumpulkeun data anu sipatna ngukur jeung ngahasilkeun data hasil ukur. Ieu mangrupa alat atawa mangrupa prosédur nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis carita pondok siswa anu ngawengku *pre-test* jeung *post-test*. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés tulis ku cara siswa dibéré arahan pikeun nulis kerangka carita pondok nu dijadikeun dadasar pikeun nulis carita pondok tuluy siswa dititah nulis carita pondok sagemblengna.

Ieu di handap soal tés anu dipaké dina panalungtikan:

1. Soal Tés

Pék hidep ngarang carita pondok. Saméméh prak ngarang carita pondok, baca heula pituduh ieu di handap!

- a. Téma carita mangrupa hal-hal anu katingali atawa kaalaman ku hidep.
- b. Kalengkepan unsur intrinsic dna hiji carita.
- c. Ditulis maké basa Sunda anu bener tur merenah. Kitu deui basana, sing komunikatif, babari kaharti ku nu maca.
- d. Carita pondok minimal 1500 kecap.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Nurutkeun Arikunto (dina Iskandarwassid, spk. 2008, kc. 179) tés nya éta hiji alat atawa prosedur nu sistematis tur objéktif pikeun meunangkeun data-data atawa kateragan nu dibutuhkeun ngeunaan hiji objék, ku cara nu tepat jeung téréh. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis carita pondok siswa anu ngawengku kasaluyuan téma jeung eusi, kalengkepan unsur intrinsic carpon, diksi, éjahan . Tés tulis digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa kelas XI MIPA UNGGULAN dina nulis carita pondok.

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh ngaliwatan sababaraha tahapan saperti anu diébréhkeun ieu di handap.

- a. Siswa dibéré *pre-test* pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina pangaweruh ngeunaan carita pondok jeung kamampuh nulis carita pondok.
- b. Sabada mikanyaho hasil *pre-test* siswa, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika kagiatan diajar kalawan ngagunakeun modél pangajaran karya wisata.
- c. Nepikeun matéri ngeunaan carita pondok dina kagiatan diajar kalawan maké modél pangajaran karya wisata. Ieu kagiatan disebut *treatment* (perlakuan).
- d. Sanggeus ngalaksanakeun *treatment* ngagunakeun modél pangajaran karya wisata, satuluyna diayakeun *post-test* pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa dina nulis carita pondok.

3.6 Téhnik Analisis Data

Analisis data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *software IBM SPSS Statistic versi 18. Statistical Product and Service Solution (SPSS)* nya éta hiji program pikeun ngabantu dina prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistic. Data input nu dianalisis nya éta hasil *pre-test* jeung *post-test* nu satuluyna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

Nganalisis data dina ieu panalungtikan dilakukeun ngaliwatan sababaraha tahapan, saperti ieu di handap.

1. Mariksa karangan carita pondok siswa ku cara nyirian éjahan nu kurang merenah, kekecapan nu kurang merenah, tata basa, sarta kasaluyuan téma jeung eusi.

Tabél 3. 1

Kritéria Meunteun Karangan Carita Pondok

Aspék Kamampuh Nulis	Skor	Kritéria
Kasaluyuan Téma jeung Eusi	5	Eusi carpon alus, luyu jeung téma.
	4	Eusi carpon alus, aya patalina jeung téma.
	3	Eusi carpon cukup/basajan, rada luyu jeung téma.
	2	Eusi carpon kurang hadé, kurang luyu jeung téma.
	1	Eusi carpon goréng, teu luyu jeung téma.
Kaléngkepan Unsur Intrinsik	5	Miboga sakabéh unsur intrinsik carpon.
	4	Ngan miboga lima unsur intrinsik carpon.
	3	Ngan miboga opat unsur intrinsik carpon.
	2	Ngan miboga tilu unsur intrinsik carpon.

	1	Ngan miboga dua unsur intrinsik carpon.
Diksi (Pilihan kecap)	5	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus tur hadé pisan.
	4	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus.
	3	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu cukup/basajan.
	2	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu kurang merenah.
	1	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu teu merenah.
	Éjahan	5
4		Ngawasa kaédah dina nulis kecap, aya kasalahan.
3		Ngawasa kaédah dina nulis kecap, loba kasalahan.
2		Ngawasa kaédah dina nulis kecap, loba pisan kasalahan.
1		Teu ngawasa kaédah dina nulis kecap.
Karapihan Tulisan	5	Alus, rapih, babari kabaca.
	4	Alus, rapih, kabaca, aya corétan.
	3	Alus, rapih, loba corétan.
	2	Kurang rapih, teu loba nu kabaca, loba corétan.
	1	Teu rapih, tulisan teu kabaca.

(diropéa tina Nurgiyantoro, 2014, kc. 488)

2. Méré peunteun kana hasil nulis carita pondok siswa kalayan maké rumus ieu di handap.

$$Peunteun = \frac{\text{skor (a + b + c + d + e)}}{\text{skor maksimal (25)}} \times 100$$

Kheny

KKM : 75
 Peunteun Maksimal : 100
 Kategori : Peunteun ≥ 75 , siswa dianggap mampu nulis carita pondok nu bener.
 Peunteun ≤ 75 , siswa dianggap can mampu nulis carita pondok nu bener.

3. Ngasupkeun peunteun nulis carita pondok kalayan tabél ieu di handap.

Tabél 3. 2

Peunteun Tes Nulis Carita Pondok Siswa

No.	Aspék Kriteria Nulis Carita Pondok					Σ	P	Kategori
	A	B	C	D	E			
Σ								

Keterangan :

A = Kasaluyuan Téma jeung Eusi

B = Kalengkepan Unsur Intrinsik Carpon

C = Diksi

D = Éjahan

E = Karapihan Tulisan

Σ = Jumlah Skor (A + B + C + D + E)

P = Peunteun

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data anu dilakukeun nya éta uji normalitas data *pre-test* jeung *post-test*. Uji normalitas miboga tujuan pikeun ngayakinkeun data kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal atawa henteu normal. Uji normalitas *pre-test* jeung

post-test dina ieu panalungtikan ngagunakeun *software SPSS versi. 18* kalayan ngagunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov*.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun pikeun uji normalitas kalayan ngagunakeun uji *Kolmogorov-Smirnov*, nya éta:

1. klik *Variable View*, dina *name* tulis *pre-test* jeung *post-test*, dina *decimals* ubah sakabéhna jadi 0, dina *label* tuliskeun *pre-test* jeung *post-test*, nu séjénna *default*;
2. klik *Data View*, asupkeun data *pre-test* jeung *post-test* nu geus disiapkeun saluyu jeung ngaran variabel;
3. pilih *Analyze* dina menu SPSS, klik *Regression*, pilih *Linear* pikeun ngayakeun nilai *unstandardized residual (RES_1)* nu satuluyna rék di uji normalitas;
4. muncul *Linear Regression*, asupkeu variabel *post-test* ka *Dependant* sedengkeun *pre-test* kana *Independent*, klik *save*;
5. muncul *Linear Regression:Save*, dina *Residuals* ceklis *Unstandardized*, klik *continue*, klik *ok*;
6. tutup *output* nu muncul tina program SPSS. Muncul variabel anyar *RES_1* dina *Data View*;
7. pilih menu *Analyze* → *Nonparametric Tests* klik *Legacy Dialogs*, pilih submenu *1-Sample K-S*.
8. Muncul *One Sample Kolmogorov-Smirnov Test*, asupkeun variabel *Unstandardized Residuals* kana *Test Variable List*, dina *Test Distribution* ceklis pilihan *Normal*;
9. Klik *Ok*, satuluyna muncul output *One Sample Kolmogorov-Smirnov Test*.

H_0 : data miboga distribusi anu normal

H_a : data miboga distribusi anu teu normal

Kritéria :

Upama nilai Sig. ≥ 0.05 , H_0 ditarima, H_a ditolak, hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu normal.

Upama nilai Sig. < 0.05 , H_a ditarima, H_0 ditolak, hartina data anu ditalungtik miboga distribusi anu teu normal.

3.6.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dianalisis ku cara *software IBM SPSS Statistic versi 18*. Saumpama data hasil uji normalitas nunjukeun distribusi data normal, ku kituna nguji hipotésis maké kaidah-kaidah statistik paraméтик kalayan maké uji *t-test*.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun pikeun uji hipotésis kalayan ngagunakeun uji *t-test*, nya éta:

1. cara pikeun uji *one sample t-test* nya éta klik menu *analyze – compare means – one sample t-test*.
2. ku kituna, muncul kotak dialog “*one sample t-test*”, saterusna asupkeun hasil diajar (hasil) kana kotak (*test variables*), dina bagéan *test value* ketik 75 (ku sabab rék ngabandingkeun nilai rata-rata hasil diajar siswa kana nilai 75).

Rumusan hipotésis panalungtikan dina uji *one sample t-test*, nya éta:

H_0 = nilai rata-rata hasil diajar siswa sama dengan 75.

H_a = nilai rata-rata hasil diajar siswa teu sama dengan 75.

Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

- a) Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$ hartina hipotésis bisa ditarima, aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA UNGGULAN SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél karya wisata.

Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$ hartina hipotésis ditolak. Euweuh béda nu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI MIPA UNGGULAN SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél karya wisata.